

# Enjekte ensilin


Ensilin nan dwe enjekte nan kò ou.

## Enjeksyon an dwe bay apèn anba po a:

- Nan pati ki gen grès nan bra siperyè ou
- Nan vant (lestomak)
- Nan janm siperyè (kwis)
- Nan bounda...

... itilize swa yon sereng ak egwi oswa yon plim ensilin.<sup>1</sup>

Egwi yo piti anpil epi glise fasil nan po a. **Fè atansyon.**



### Konsèy 1

- Pa toujou enjekte nan menm kote a nan kò ou. Enjekte nan lòt pati oswa fè wotasyon (chanje) nan pati ou enjekte yo nan jou ki pa menm

### Konsèy 2

- Pa enjekte toupre lonbrik ou

### Konsèy 3

- Pa enjekte toupre bouton bote oswa sikatris

### Konsèy 4

- Pa enjekte nan pati ki parèt wouj, enfekte oswa ki irite

## Enjekte ensilin nan avèk yon sereng:

1. Lave ak seche men ou yo.
2. Chwazi yon pati ki pwòp, sèch nan kò ou.
3. Asire ou itilize bon kalite ensilin nan epi enjekte bon kantite a.
4. Si ensilin ou an twoub, melanje li lè ou woule li dousman ant men ou yo. Pa sekwe li.
5. Retire tèt sereng lan. Ka gen 2 tèt, youn pou piston an ak youn ki kouvri egwi a.
6. Ranpli sereng la avèk lè nan rale piston an pa dèyè rive nan kantite ensilin ou vle enjekte a.
7. Siye tèt boutèy ensilin nan avèk yon tanpon alkòl epi mete egwi a rive nan tèt boutèy la.
8. Pouse piston an desann pou libere lè ki nan boutèy la.



9. Vire boutèy ak sereng la tèt anba epi retire piston an pou ranpli sereng lan ak kantite ensilin ou bezwen an.
10. Chèche bil lè nan sereng lan. Tape sereng lan pou deplase nenpòt bil lè ki gen nan tèt la epi pouse yo soti dousman avèk piston an.
11. Retire sereng ak egwi a nan boutèy la. Itilize ensilin nan touswit.
12. Pran dousman yon pli po ki gen grès ant dwèt ou yo.



13. Foure egwi a nan po ou.
14. Lage po ou te pense a epi pouse desann piston an pou fè ensilin nan antre nan kò ou.
15. Tann kèk segonn anvan ou retire sereng lan pou asire ke tout ensilin nan enjekte.
16. Pa fwote pati kote ou te enjekte ensilin nan.
17. Ekri kantite ensilin ou te itilize a, lè ou te enjekte li ak ki kote nan kò ou ou te enjekte li.

### Enjekte ensilin avèk yon plim ensilin:

1. Lave ak seche men ou yo.
2. Chwazi yon pati ki pwòp, sèch nan kò ou.
3. Vire bouton ki sou plim ensilin ou an rive nan kantite ensilin ou bezwen an.
4. Gen kèk plim ensilin ki dwe “amòse” anvan pou asire bon kantite ensilin nan enjekte. Poze founisè swen sante ou a oswa famasyen ou an kesyon sou sa.
5. Pran dousman yon pli po ki gen grès ant dwèt ou yo.
6. Foure egwi a nan po ou.
7. Lage po ou te pense a epi pouse desann piston an pou fè ensilin nan antre nan kò ou.
8. Kenbe plim nan nan po ou pandan 5 segonn epi retire li.



Founisè swen sante ou a ka ede ou aprann kijan pou enjekte ensilin avèk yon sereng oswa plim ensilin.

Tcheke fich enfòmasyon medikaman an oswa kontakte fabrikan medikaman an pou konsèy ki rekòmande ak itilizasyon medikaman ou an. Pou evite boul ak/oswa kontaminasyon nan egwi sereng la, tanpri **PA** konsève medikaman anndan sereng la.

1. American Diabetes Association. Standards of medical care in diabetes – 2019. Diabetes Care. 2019; Vol. 42 (Suppl. 1): S91